«ЖАМІАТАЦА ДИНА ЛАМАЗ ША ХІОЬТТИНА ДИНЧУЛ А ТКЪЕ ВОРХІ ДАРЖЕХЬ ЛЕКХА ДУ».

*(Хьадис)*



Газета награждена орденом «За заслуги перед Уммой» – 1 степени в 2010 году



Медаль «За заслугу перед Чеченской Республикой» 2009 год.




# Исламан зІаьнарш

أشعّة الإسلام

Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»

Дала бакъо толайойла!
*Кадыров А.-Х.*

Арахеца долийна 1990-чу шеран 6-чу ноябрехь
Выходит с 6-го ноября 1990 года

2016-чу шеран апрель беттан 7-гІа де
1437-чу шеран Джамада-ас сани беттан 29-гІа де
7 апрель 2016 год № 7 (360)

***Т1ОМ – АКХАРАЛЛА Ю. Т1АМНА ГЕНА ДОВЛАЛАШ, НАГАХЬ САННА МОСТАГ1 ШУЬГАРА ДИН, СИЙ, Д1АДАКХХА ВЕАНА ВАЦАХЬ. ШУН НИЦКЪ – ИЗА ХЬЕКЪАЛ, СОБАР, НИЙСО Ю ШУНА. МОСТАГ1ЧУЬНГА ЛАЛУР БАЦ И НИЦКЪ, МАЦЦА А ЦКЪА ИЗА ША ЭШНА ХИЛАРНА КЪЕРА ЦА ХИЛЧА ВЕР ВАЦ. ЦХЬАЬННАН А НИЦКЪ КХОЧУР БАЦ ШУН БАКЪДЕРГ ЭШО, НАГАХЬ САННА ШУ ДИНАН НЕКЪА Т1ЕРА Д1А ЦА ДОВЛАХЬ.***

*(Кунта-Хьаьжин хьехам)*

## НА ПУТИ АЛЛАХА

Передают, что Абу Хурейра, да будет доволен им всевышний Аллах, рассказывал, что Посланник Аллаха, мир ему и благословение Аллаха, поведал о том, что Всевышний Аллах сказал: «Если двое людей становятся деловыми партнерами, то Я становлюсь третьим и остаюсь с ними до тех пор, пока один из них не совершит мошенничество против другого. Если же один из них совершает мошенничество, то Я покидаю их».

***(Абу Давуд, аль-Байхаки, ад-Даркутни)***

Мораль хадиса: Участие Аллаха в их сотрудничестве заключается в том, что Он благословит их сотрудничество и сделает его прибыльным. А если они поддадутся козням шайтана и будут пытаться обмануть друг друга. То Всевышний лишит их Своего благословения.

---

Нагахь санна мурд АллахІана, Пайхамарна, устазана ша мел герга ву хаа лууш велахь цо шен даге ладугІийла. Нагахь санна цуьнан ойланаш хьаькам хила лааро дІалецна елахь, нагахь санна мурд Іедале кхача гІерташ велахь, дІахоийла цунна ша АллахІана, Пайхамарна, устазана гена вуйла. Нагахь санна дог лозуш делахь, (нахе) адамашка болчу къинхетамах дуьзна делахь, мурдан дагчохь цабезам, хьагІ яцахь, дІахоийла цунна, ша АллахІана, Пайхамарна, устазана герга вуйла.

---

Шен даг чуьра оьгІазло дІаяьккхинарг, шен зулам динчунна къинтІера ваьлларг, АллахІ хьехош вехаш верг – иза ву-кх тІарикъата чохь.

---

Аьшпаш боттар къилахь ду. Къилахь ду аьшпашка ладегІар а. Аьшпаш хьовха, Лекхаволчунна товр ду аьлла шеко йолу хІумнаш а мегар дац къобалдан. ТІарикъат чохь волчу бусалбанан, мурдан ша юьхьарлаьцначу безачу некъан мехаллех кхеташ даг чохь йогуш бакъ долчун, нийсонан, къинхетаман, кхечунах дог лазаран, доьналлин, стогаллин серло хила еза.

***(Кунта-Хьаьжин хьехамаш)***

---

“..Сирла-цІена дерг схьаэца ахь, кхоьлина-даьржина дерг Іаддита ахь...

Хазчу агІор хьажа хьо, ойлаяр хазлур ду хьан...

Ойла дика хилийта ахь хьайн, дахар мерза, дика карор ду хьуна..

Бакъдолуш, дикчу ойланца иэделлачу сатийсаро дахарна дахар ло, вуочу ойланехь хьулделлачу догдилларо ирс-самукъа гІелдо, дахар доьй дІадоккху...”

***Шейх Фарид ал-Ансóрий***

## В МЕЧЕТИ «СЕРДЦЕ ЧЕЧНИ»



05.04.2016 г. В центральной мечети г.Грозного «Сердце Чечни» им. А-Х. Кадырова после обеденного намаза продолжаются лекции Шейха Исама Ат-Туниси по акъиде (наука о вероубеждении) по книге «Харида Аль Бахия».

На лекции присутствовали заместители и помощники Муфтия ЧР, а также послушать урок и извлечь пользу собрались другие религиозные деятели республики, имамы, студенты и гости из соседних регионов СКФО, лекции проходят на арабском языке и продлятся в течении 3-х недель.

***Пресс-служба ДУМ ЧР***



## ВЗАИМОДЕЙСТВИЕ И ВЗАИМОПОНИМАНИЕ



Советник Муфтия ЧР Арби Хабзиев принял участие в заседании круглого стола на тему «Укрепление взаимодействия органов власти и религиозных организации в целях обеспечения общественного, конфессионального мира и взаимопонимания».

Обсудить актуальные вопросы межнационального и межконфессионального согласия в офис департамента по связям с религиозными и общественными организациями прибыли директор департамента Ризван Дадаев, Благочинный Наурского округа, ответственный по взаимодействию церкви и общества по ЧР, Иеромонах Амвросий, представители министерств и ведомств.

Собравшиеся отметили в своих выступлениях, что организация взаимодействия органов власти с общественными институтами, представителями различных конфессий для поддержания и укрепления межнационального и межрелигиозного мира, общественного согласия остается в числе актуальных вопросов деятельности руководства республики.

Основная цель мероприятия – озвучить проблемы, высказать мнения предложения, поделиться опытом и конкретными проектами.

***Пресс-служба ДУМ ЧР***

**ТАШУ-ХЬАЬЖИН ЗЕРАТ** – къубца каш Сесанахь ду. Халкъалахь Воккха-Хьаьжа олуш йоккху цуьнан цІе. Ташу-Хьаьжа Кавказан тІеман декъашхо хилла, Шемалан уллерчу гІоьнчех цхьаъ. Цо ехкина Яьсси-хин аьтту агІорхьа йолу чІагІонаш, дуккхазза а эскаршна куьйгалла деш хилла, тІемаш дІабаьхьна. Кхелхина 1843-чу шарахь.



## ТАХАНА ЛОЬМАРЕХЬ

### 2-гІа агІо

**Юсуф-пайхамарх лаьцна**

«Шаьш Мисара кхаьчча, Юсуф (Делера салам хуьлда цунна) волчу бахана уьш. Цара цуьнга балхам бина, шайга хало, мацалла а кхаьчна, аьлла. Юсуфе (Делера салам хуьлда цунна) шайна сагІина ялта лахьара, аьлла, дехар дина цара...»

### 3-гІа агІо

**Жизнь, отданная Исламу...**

«Невзирая на опасность, он в 1979 году добился открытия первой в СССР мечети в селе Новые Атаги, которая была единственной действующей мечетью не только во всей республике, но и на Северном Кавказе в тот период. Он открыто противостоял ваххабитам, пытавшимся обмануть, уничтожить чеченский народ, и которые пытались повести его по ложному пути. Насрудин-хаджи отдал свою жизнь, направляясь в мечеть на пятничный намаз, чтобы донести людям слова Всевышнего..»

### 4-гІа агІо

**Заслон наркомании - требование Ислама**

«Наркомания, как и многие пороки современного человечества, болезнь не столько физическая, сколько духовная, поэтому без духовных знаний справиться с подобной проблемой невозможно. Большую роль в этом играет круг общения и окружения человека...»

Лараме газетдешархой! ХІокху газет тІехь язйина АллахІан еза цІерш а, Къуръанан аяташ а ду. Газетан редакцино дехар до хІара газет лардеш лелор, миччанхьа а охьацакхиссар

№ 7 (360)
Исламан зIаьнарш
Дала бакъо толайойла! Кадыров А.-Х.
Газета награждена орденом «За заслуги перед Уммой» – 1 степени в 2010 году
Медаль «За заслугу перед Чеченской Республикой» 2009 год.
Республиканская религиозно-просветительская газета «Зори Ислама»

# НАХА ХОЬТТУ – ХОЖ-АХЬМАД-ХЬАЬЖАС ЖОЬПАШ ЛО

**Зударша ламаз дечу хенахь дукхахьолахь когаш гуш болуш, месаш а, чет-лаг гуш долуш ламаз деш меттигаш хуьлу, мегар дуй иштта ламаз дан?**

Зударша шаьш ламаз дечу хенахь Дала Iоврат ю аьлла билгалйина йолу меттигаш, куьйгашший, юьхьий йоцург, хьорканел лахара ши ког боцург важа йолу меженаш хьулъян езаш ю. Хьовсал шу, оцу Веза-Сийлахь волчу Дала нахана ца гойтуш хьулйе аьлла, омра дина йолу меженаш, Далла дуьхьалхIуттуш муха мегар дара гучуяха. Ойлаел аша, йижарий, дегI дIа а хьулдина, дан деза ламаз, шен духар хила деза ламаз деш. Тхуна хьалха болу зударий а ма бац даиманна жайно ма-бохху духарш доьхна лелаш. Шаьш ламазана дIахIуьттучу хенахь ехха коч а йоьхна, ган йиш йоцуш йолу меттигаш дIа а хьулйина дан деза зударша ламаз, иштта динарг бен ламаз дац.

**Ламаз оьцучу хенахь маьхьсеш тIехула масхьу до-кх вай, ткъа цхьаболчара пазаташ тIехула масхьу а дой ламаз до боху, и мегар дуй?**

Вайн Ислам-динехь некъаш ду мазхIабаш, оцу мазхIабашкахь цхьацца яккхий хилплонаш (цхьаьна цадар) йина, Далла гергахь мегна ю уьш. Амма, бакъду, оцу хьо воллучу мазхIабчохь нисъелла хила еза стеган а, зудчуьнан а Iамал. ШафиIийн мазхIабехь ду вайн нохчийн къам. Вайн ШафиIийн мазхIабехь масхьу дан магийна маьхьсешна тIехула. И маьхьси муха хила еза аьлча, тIедоьттина хи хьан кога тIе кхочур доцуш, айра сетташ долуш, нагахь хьо сужуде вахча, хьан пIелгаш саттийча, церан яххьаш къилбехьа а хьулуьйтур йолуш, ткъа хьо уьш когахь йолуш волавелча, когара охьаэгар йоцуш хила еза. Иштта ца хилча, вайн мазхIабехь маьхьсешна тIехь масхьу дан магийна дац. Пазаташ тIехь масхьу деш бу къаьсттина шииташ, Хьанбали мазхIабехь болу Iаьрбой цхьацца пазат тIехь масхьу деш бу, амма вайна и магийна дац.

Цхьацца гIуллакхана вайн махка кхечу къаьмнех стаг веъча, я шерра Iаьрбийн мотт буьйцуш гича, тхуна ца хууш болу мотт буьйцуш шайна и вайча, «хьажал, хьанеханчул дика оцу Iаьрбичунна хаьа» олий, тIетовжа кийча ду вай. ХIокху шина тIеман заманахь маьI-маьIнера чуихна болу, кхечу къаьмнийн гIо до шаьш бохуш, вайна зулам дохьуш баьхкина болчу оцу нахера вайна доккха зулам даьлла, эццехь евлла эвхьазлонаш ю уьш. Мегар дац пазат тIехь масхьу дан, вайн мазхIабехь бакъо яц и дан.

**Рузбан дийнахь хьалхара ракаIатана тIаьхьависча, хIун дан деза? Муха чекхвала веза?**

Элчанан (IалайхIи-ссолату вас-салам) хьадис ду: «Рузбан ламазехь цхьана ракаIатах кхиънарг, рузбанна кхиъна» аьлла, оцу хьадиса тIе а доьгIна, цхьана ракаIатана кхиъна хилча имамо салам деллачул тIаьхьа хьала а гIаьттина, шен шоллагIа ракаIат а дина, шен аттахьият а дешна салам лур ду тIаьхьависна рузба дихкина волчо. И рузба цуьнан дуьззина хир ду. Нагахь санна цхьана ракаIатана тIе ца кхиънехь, имамо салам далале и тIекхиъна велахь (башхалла дац, шоллагIа ракаIат дола ма делли хуьлийла, аттахьият доьшуш хуьлийла, мичча хенахь тIе кхиъча а), рузба аьлла доьхкур ду цо. Амма имамо салам деллачул тIаьхьа, диъ ракаIат дузуш, делкъа-ламаз санна чекхдоккхур ду цо иза, иштта ду цуьнан хьукма.

# ЮСУФ-ПАЙХАМАРХ ЛАЬЦНА

## (Делера салам хуьлда цунна)

*(Чаккхе. Юьхь еша 6-чу лоьмарехь)*

Юсуфан (Делера салам хуьлда цунна) лаамца паччахьа иза лаьттан хазнина тIехIоттийна. ВорхI шо деана догIанаш догIуш, дIадийна ялта дика кхуьуш. Цул тIаьхьа Мисарахь а, кхийолчу меттигашкахь а йокъа хIоьттина. Массо а меттера нах ялта эца богIуш хилла Мисара. Юсуфан (Делера салам хуьлда цунна) вежарий а баьхкина цига ялта эца, цунна уьш бевзина, амма царна и ца вевзина. Цаьрга хаьттина цо, кхин цхьа а ваша вуй шун, аьлла. Цара жоп делла, дена вина ваша ву, аьлла. Царна ялта доьхкина, уьш дIабохуьйтуш, Юсуфа (Делера салам хуьлда цунна) цаьрга шайн дена вина ваша валаве, аьлла. Нагахь и ца валавахь, шуна ялта духкур дац ша, аьлла цо. Шаьш цIа баьхкича, шайн дега Якъубе (Делера салам хуьлда цунна) дийцина цара паччахьа шайга аьлларг. Биньямин шайца ваийтахьара аьлла, дехар дина цара шайн дега. ЯIкъуба (Делера салам хуьлда цунна) царна жоп делла, ша Биньямин воуьйтур ву шуьца, аша Делаца чIагIо яхь, шаьш дийна а, маьрша а долуш иза цIа ца валош вуьтур вац, аьлла. Юсуф (Делера салам хуьлда цунна) волчу уьш баьхкича, цо шен ваша маравоьллина, ша цуьнан ваша вуй хаийтина. Иза ша волчохь сацон ойла хилла цуьнан. Церан тIоьрмигаш чу кIа духкучу хенахь, Биньяминан тIоьрмига чу ялта дустуш болу дашо кад биллийтина цо. Уьш новкъабевлча, царна тIаьхьа мохь а тоьхна, шу къуй ду, аьлла. Церан тIоьрмигаш чу хьаьжначул тIаьхьа, Биньяминан тIоьрмига чуьра хьалабаьккхина дашо кад. Иштта, Дала аьтто бина Юсуфан (Делера салам хуьлда цунна) шен ваша ша волчохь сацон. Шайн дега Якъубе (Делера салам хуьлда цунна) шаьш йина чIагIо дагаеана, цара дехар дина, цуьнан метта шайн юкъара цхьаъ лацахьара, аьлла. Юсуфа (Делера салам хуьлда цунна) шайн дехарна жоп ца делча, догдиллина дIабахна уьш. Хьан кIант Биньямин къола дар бахьанехь схьалаьцна, аьлла цара шайн дега. Якъуба (Делера салам хуьлда цунна) цаьрга аьлла: «ХIаъ! Шун синоша цхьа болх хазбина шуна. Собар дар дика ду-кх».

*(«Юсуф», 83)*

ТIаккха царна къайла а ваьлла, чIогIа вилхина иза, шен гIайгIа-бала Деле балхош. Цул тIаьхьа цо аьлла: «ХIай сан кIентий! ДIагIо, Юсуфах а, цуьнан вешех а лаьцна таллам бе. Делан къинхетамах дог ма дилла. Баккъал а, Делан къинхетамах дог дуьллур ма дац Делах ца тешачу къомо бен».

*(«Юсуф», 87)*

Шаьш Мисара кхаьчча, Юсуф (Делера салам хуьлда цунна) волчу бахана уьш. Цара цуьнга балхам бина, шайга хало, мацалла а кхаьчна, аьлла. Юсуфе (Делера салам хуьлда цунна) шайна сагIина ялта лахьара, аьлла, дехар дина цара. ТIаккха Юсуфа (Делера салам хуьлда цунна) цаьрга аьлла: «Шуна хиъний, шаьш жехIил долуш Юсуфах а, цуьнан вешех а шаьш хIун дина?»

*(«Юсуф», 89)*

Вежаршна хиъна, иза шайн ваша Юсуф (Делера салам хуьлда цунна) вуйла, цара аьлла: «Баккъал а, хьо Юсуф вуй?» Цо царна жоп делла: «Со Юсуф ву, хIара сан (нанас вина) ваша а ву. Дала къинхетам бина тхох. Баккъал а, Делах кхоьруш верг а, собар деш верг а (Дала Iалашво), баккъал а, Дала ца эшайо дика дечеран ял».

*(«Юсуф», 90)*

Юсуфа (Делера салам хуьлда цунна) дIабахийтина уьш, шайн берриге а доьзалш балош ша волчу схьадуьйла, аьлла. Цо шен коч а яхьийтина цаьрга, шен ден юьхьа тIе хьакха и, цунна бIаьрса юхадогIур ду, аьлла. Цара Юсуфан (Делера салам хуьлда цунна) коч шайн ден юьхьа тIе хьаькхча, цуьнан бIаьрса юхадеана. ТIаккха уьш берриге а Юсуф (Делера салам хуьлда цунна) волчу баьхкича, шен да-нана мара а къевлина, цо аьлла: «Чоьхьадовла Мисарна, Дала мукъ лахь, маьрша а долуш!»

*(«Юсуф», 99)*

Шен да-нана паччахьан гIанта тIе охьа а хаийна, уьш цунна сужуде бахана. ТIаккха Юсуфа (Делера салам хуьлда цунна) аьлла: «ХIай сан хьоме да, хIара ду-кх суна хьалха гинчу гIенан тидар, сан Дала бакъ дина иза. Цо суна дика дина, со набахти чуьра араваккхарца, гIум-арара шу схьадалорца – шайтIано суна а, сан вежаршна а юкъа дов тесначул тIаьхьа. Баккъал а, сан Дела тIех Къинхетаме ву-кх Шена луучуьнца. Иза хууш верг а ву, хьукма нийса деш верг а ву».

*(«Юсуф», 100)*

Юсуфа (Делера салам хуьлда цунна) дуьнен чохь баккхий баланаш лайна, цул тIаьхьа доккхачу дарже а кхаьчна иза. И дерриге а хьелаш шега кхаьчча, Везчу Деле ша ийманехь а волуш валийтар дехна цо: «Сан Дела, баккъал а, Ахь паччахьалла а делла суна, Ахь суна гIенаш тидар а Iамийна, стигланаш а, латта а кхоьллинарг – Хьо ву-кх сан доладийриг дуьненахь а, эхартахь а, Ахь со валийталахь, бусалба а волуш, со дикчу нахах а тохалахь!»

*(«Юсуф», 101)*

**ХIОКХУ ВАЙ ДИЙЦИНЧУХ СХЬАЛАЦА ДЕЗАРГ**

1. Дена тIехь декхар хилар, шен доьзалшна юккъехь нийсо яр а, царах цхьаберш шена вукхарал алсам безаш хилар хьулдар а (цара вовшашца хьагI лацарна кхерам болу дела).
2. Шена гина долу хаза гIан уггаре а шена везачунна дийцар а, кхиболчарах хьулдар а пайден хилар.
3. Шега бала кхаьчначу хенахь, Далла тIе болх а биллина, собаре хилар – иза пайхамарийн (Делера салам хуьлда царна) гIиллакх хилар.
4. Дала Шен гергара нах дIатесна буьтуш цахилар а, уьш бехке цахилар гучудаккхар а, агана чуьра бераш царна тоьшаллина хIиттийна а.
5. Зударийн мекарло йоккха хилар.
6.Баккъал а, Шех кхоьруш, Шена муьтIахь болчу наха динчу доIина Дала жоп луш хилар.
7. Дала Ша цхьа къам балица зийча, дуьненахь а, эхартахь а цунна диканца бекхам беш хилар.
8. Муьлхха хьал хIоьттича а, Делан къинхетамах догдилла цамагар.
9. Дикчу стагана гина долу хаза гIан бакъ хуьлуш хилар.
10. Юсуфа (Делера салам хуьлда цунна) дехна ма-хиллара бусалба а волуш ша валийтар дехар – иза массо а бусалба стеган декхар хилар.

***Магомедов С.***

*«Бусалба стагана хьайгара кхочург кхо хIума хилийта ахь:*
*Нагахь айхьа цунна пайда ца бахь – зен ма де ахь цунна.*
*Нагахь айхьа цунна хазахетар ца дахь – халахетар ма де ахь цунна.*
*Нагахь айхьа иза хаста ца вахь – лен ма ле хьо цунна».*

***Имам Яхьйа́ ибн МуIаз***

# ЛАМАЗАН КАРАХ1АТАШ

***БисмиллахIиррахьманиррахьим***

Хастам бу, Шен лайшна, муъмин нахана, фарз дина ламаз тIедиллинчу АллахIана. Делера салам-маршалла хуьлда и ламаз дар хьоьхуш, марздеш, Дала халкъашлахь вазвина ваийтинчу Мухьаммад–Пайхамарна, цуьнан охIланна, асхьабашна, царна тIаьхьа баьзначарна.

Ламаз уггаре а деза Iибадат ду бусалба динехь. Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Массо хIуманан корта Ислам дин ду. Цуьнан бIогIам ламаз ду». (Тирмизис МаIаз ибн Джабалера далийна хьадис). Иштта Муслима далийначу хьадисехь ду: «Ламаз дитинарг куфр динарг ву», – аьлла.

Дала уггаре а хьалха тIедиллина Iибадат ду ламаз. Сийлахь-Лекхачу АллахIа Мухьаммад-Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ворхI стигалел лакха ваькkхина, Джабраил маликел Шена герга вигна, омра дина цунна, ламаз де аьлла. Къематдийнахь ламазна тIера долалур ду адаман Iамалийн хьесапдар. Элчано (Делера салам-салават хуьлийла цунна) аьлла: «Къематдийнахь адаман Iамалх хьалха хьесап дийр дерг ламаз ду. И нийса хилахь, йисина Iамалш нийса хир ю, гал хилахь, йисина Iамалш гал хир ю».

***(ТIабранис далийна хьадис).***

Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шен умматана тIаьххьара дина весет ду ламаз. Абу Давуда Iелегара (Дела реза хуьлда цунна) далийначу хьадисехь деана хIара: «Ша дуьненчуьра дIаволуш цо элира: «Ламаз. Ламаз. Шайн куьйга кIелахь болу зударий».

Ламаз – иза Дала вайна делла совгIат ду. Кхоччуш Делах кхерарций, дан ма-дезза нийса вай и дахь, декъалхир ду вай, Дала мукъ лахь.

Халахеташ делахь, оцу езачу Iамалехь гIалаташ доху цхьаболчара. Ламазехь гIалатваьлларг, шена хуучо нисван веза. Имам Ахьмада аьлла: «Шуна хаалаш, нийса ламаз динчу стага шеца гIалаташца ламаз дойуш, имамал хьалха хьала-охьа теIаш ламаз дина волу стаг оцу гIалатех нис ца вахь, имамал хьалха лелхар ца дехкахь, хьекъалца хьехам ца бахь, ламаз нийса цадаран къа цуьнца доькъур ду цо».

Ламаз эцарехь, дарехь лардала деза коьрта гIалаташ хьахош, Делан дуьхьа долчу нийятца, бусалба нахана пайда хиларе догдохуш кечдина ду хIара жайна.

Ламаз карара долу бахьанаш

Ламаз карахь хилча бен дина ламаз къобал хир дац. Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Шун ламаз къобал хир дац, ламаз карара даьлча, аш ламаз юха эццалц».

***(Малика далийна хьадис).***

**ЛАМАЗ КАРАРА ДОЛУ БАХЬАНАШ ХIОРШ ДУ.**

1. Шина меттехула хьатI, боьхалла, цIий, мох арабалар.
2. АгIорваьлча, наб кхетар.

Амма, хиъна волуш набкхетарх, ламаз духуш дац.

Анасера (Дела реза хуьлда цунна) деанчу хьадисехь ду: «Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) асхьабашна маьждигехь наб кхетара, цул тIаьхьа самабовлий, ламаз ца оьцуш ламазаш дора».

3. Хьекъалх валаро (тентаквалар, вахар, хьеравалар…).
4. Юкъахь пардо а доцуш, шариIатехь шена яло магийначу зудчун (йоьIан) дегIан меженах хьакхавалар.
5. Бехке меттигех куьйг я пIелгаш хьакхадалар.

Ламаз эцарехь карахIаташ

КарахIат олу, ца деш дитича мел (ял) хир болуш, кхочушдича къа хир доцчу массо хIуманах.

I. Ламаз оьцуш тIех хи дайар я сов чIогIа кхоадар.
2. Бакъахьара меже аьрру агIорчул тIаьхьа йилар.
3. Бехказло йоцуш (шело я кхин бахьана) гата а хьаькхна, меженаш якъор.

Бухарис, Муслима далийна хьадис, Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) шена деана гата схьа ца ийцира аьлла.

4. Юьхьах хи тохар. Юьхьах хIумма а тоха мегаш дац, хи делахь а.

Юьхьах хIума тохар бахьанехь юьхьан сий дайар хуьлу.

5. Меже кхуззачул сов я кIезиг йилар.

Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна), кхузза меженаш юьлуш ламаз эцна, элира: «Ламаз иштта оьцу, хIокхул совваьлларг я эшийнарг бехке ву, зулам динарг ву».

6. Ша ламаз эцалуш воллушехь, ламаз оьцуш шена гIо дайтар.

ГIо дайтаро куралла дагчу йоссайо, ткъа Iибадатехь куралла мегаш яц.

7. Марха кхобуш верг делкъал тIаьхьа бага, мерчу хи кхарзарехь соввийлар.

Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Марха доцчо лерина мерчу хи кхарзийла». (Абу Давудан хьадис).

**ЛАМАЗ ДОХАРАН БАХЬАНАШ**

1. Ламазехь къамел дар.

Ши элп алар (шайн маьIна дацахь а) къамел ларалуш ду. Шеца маьIна делахь, цхьа элп а ларало къамел. Амма, вицвелла, 6 дашал сов ца волуш къамел дахь, ламаз ца духу.

2. Ламазан низам талхош, меженаш тIех дукха меттахъхьеяр.

Масала, цхьана ракаIатехь кхузза я цул сов меже меттахъхьаяр.

3. ДегIана я бедарна тIе нажжаз кхетар.

Ламазна тIехь волуш, сихха и боьхалла дIаяккхалахь, ламаз ца духу.

4. Iоврат гучудалар.

Нагахь санна, ца хууш гучудаьлла Iоврат сихха дIакъовлахь, ламаз духур дац.

5. Яар, малар.

Цергашна юкъара цуьрг лаамза кийра дахарх, ламаз ца духу. ХIума кхаллар лараран лахара доза – иза багахь башийначу шекаран бIелиган (кампетан) марзо кийра яхийтар.

6. Дуьххьара салам далале ламаз карара далар.

Амма шолгIа салам далале ламаз карара далахь, ламаз ца духу.

7. Йовхарш еттаро, веларо, велхаро, тийжаро дохадо ламаз, нагахь санна царна юкъахь ши элп алар хилахь. Амма шен лаамза йовхарш тохахь, велар иккхинехь, ламаз ца духу. Велакъажаро ламаз ца дохадо. Хьоршам тоьхначуьнга, Дала къинхетам бойла хьох аьлча, ламаз духу.

8. Нийят хийцар.

Нийят хийцар хуьлу, ламаз дихкинчул тIаьхьа ламаз хадо нийят дар. Ламаз хадор ду ша хьенех схьакхачахь аьлла, цунна дагадарца, ламаз духуш ду.

9. Къилба хийцар.

Шен лаамехь волуш, къибла хийцахь, дIа ма-вирззи, ламаз духу цуьнан. Цхьамма лаамза дIаверзийнехь, хье ца луш, сихха юхаверзахь, ламаз ца духу.

*(Чаккхе хир ю)*

***Илесов Iаьрби***

# ЖИЗНЬ, ОТДАННАЯ ИСЛАМУ...

## ПОСЛЕДНИЙ ПОДВИГ НАСРУДИНА МАТУЕВА



**Село Новые-Атаги. 4 мая 2001 года. Пятница. В этот весенний солнечный день жители села заняты своими обычными делами, многие новоатагинцы собираются на рузба-намаз в Центральную мечеть. Имам Насрудин Матуев, как всегда, готовится к проповеди во время пятничной молитвы. В 11. 00 он выходит из дома и направляется к мечети. Сосед, живущий в доме напротив, говорит ему, что он сегодня, как никогда, выглядит нарядно. Насрудин в тон ему отвечает, что и он так же выглядел бы, если у него была такая же замечательная сноха, как у него...**

В приподнятом настроении он пошел дальше. Дом Насрудина расположен на пригорке, возвышающемся над всем селом. Поэтому ему предстоит спуститься с пригорка, а для этого необходимо пройти по старой бетонной лестнице, сойти вниз и пройти дальше, к центру села, где расположена мечеть. Во внутренних карманах пятничного костюма у него удостоверение, подтверждающее, что он является заместителем имама Шалинского района, записная книжка с текстом хутбы (проповеди) на арабском языке, который он собирался прочитать односельчанам, и миниатюрный Коран. Спускаясь по лестнице с пригорка, он доходит до последней ступеньки и ступает с нее на землю. В следующий момент он слышит чей-то оклик. Какой-то мужчина в «хаки» и с автоматом в руках выходит из какой-то легковой машины, которая стоит неподалеку.

Вооруженный человек спрашивает: «Ты Насрудин?». Имам отвечает: «Да, это я. Тебе нужна моя помощь?». В ту же секунду убийца направляет на имама автомат и выпускает в него всю обойму.

Все происходит в считанные мгновения. Люди, ставшие свидетелями этого убийства, не понимают, что произошло. Над лежащим на земле бездыханным телом имама Насрудина клубится дым от прошивших его насмерть автоматных очередей. Эхо выстрелов слышат многие далеко вокруг, в том числе и женщины, шедшие за покупками на рынок в тот день.

Машина с убийцей резко набирает скорость и с визгом скрывается в неизвестном направлении. Так трагически обрывается жизнь известного ученого-богослова, настоящего патриота Насрудина Матуева, имама центральной мечети села Новые Атаги. Этот день стал трауром не только для семьи Матуевых, но и для всех жителей села, республики.

В нагрудном кармане Насрудина, у самого сердца, люди нашли удостоверение, записную книжку и миниатюрный Коран, с которым он никогда не расставался. Они все оказались пробиты автоматной очередью…

Жестокое убийство Насрудина Матуева потрясло не только село Новые Атаги, но и всю Чеченскую Республику.

Тогда, в суматохе, вызванной этим жестоким преступлением, как-то остались без внимания необходимость наградить посмертно имама центральной мечети села Новые Атаги Насрудина-хаджи Матуева государственной наградой за его подвиг, за его дела и поступки, совершенные им ради своего народа и мусульманской уммы. Его жизнь смело можно назвать подвигом. Невзирая на опасность, он в 1979 году добился открытия первой в СССР мечети в селе Новые Атаги, которая была единственной действующей мечетью не только во всей республике, но и на Северном Кавказе в тот период. Он открыто противостоял ваххабитам, пытавшимся обмануть, уничтожить чеченский народ, и которые пытались повести его по ложному пути. Насрудин-хаджи отдал свою жизнь, направляясь в мечеть на пятничный намаз, чтобы донести людям слова Всевышнего.

Насрудина-хаджи Матуева наградили своей высшей наградой его благодарные односельчане – памятью о мусульманине, отдавшем свою жизнь служению Исламу.

Правда, одной награды Насрудин-хаджи (Дала гечдойла цунна!) удостоился при жизни. Главный муфтий России Равиль Гайнутдин вручил Насрудину Матуеву за 21-летнюю службу (2001-м году) на благо мусульманской уммы медаль «За духовное единение».

***Вахит Бибулатов***

# ЗАЧЕМ БРИТАНСКАЯ ИМПЕРИЯ СОЗДАВАЛА САУДОВСКУЮ АРАВИЮ И ИЗРАИЛЬ?

*Актуально*

***В статье автор анализирует исторические события, как Запад в лице Британской империи разделил мусульман османов и арабом, а затем натравливал (друг против друга) уже разрозненных арабов (кнутом и пряником), чтобы установить удобный для своих интересов порядок на мусульманском Востоке. Кстати, похожая история повторяется в мусульманском мире и сегодня.***

Существование тайного альянса между Королевством Саудовская Аравия и сионистами Израиля не удивит исследователя в области британского империализма – проблема лишь в том, что британский империализм изучает не так много людей. Пробегитесь по рекламным буклетам учебных программ британских университетов – вы едва ли найдете такой раздел в курсе подготовки политологов, не говоря уж о магистрах. Конечно, если бойня, учиненная на Ближнем и Среднем Востоке европейскими империалистами в 1914-18 годах, не дает вам покоя, нетрудно найти подходящее учебное заведение для изучения этого периода, но если вы хотите углубленно изучить вопрос, каким образом в течение четырехсот лет Британская империя разжигала войну против человечества, вы практически одиноки в своих изысканиях. Нужно признать, что с точки зрения британского истеблишмента, такая тишина является их выдающимся достижением.

В конце 2014 года американский журнал «Foreign Affairs» опубликовал слова саудовского министра нефти Али аль-Наими: «Его Величество король Абдалла всегда был примером хороших отношений между Саудовской Аравией и другими государствами, и Израиль здесь не исключение». Недавно преемник короля Абдаллы король Салман поддержал Израиль в его озабоченности растущими контактами США и Ирана по вопросу иранской ядерной программы. Некоторые сделали вывод, что Израиль и Саудовская Аравия выступают единым фронтом против иранской ядерной сделки. И это не первый раз, когда сионисты и саудиты оказываются союзниками против искусственно созданного образа общего врага. В 1960-е годы саудиты финансировали военную кампанию, которую британцы развернули против республиканцев Северного Йемена, свергнувших имама-диктатора. Вооруженные силы египетского президента Гамаля Абдул-Насера поддержали республиканцев, в то время как саудиты по наущению британцев вооружали и финансировали остатки сторонников имама. Более того, британцы организовали 14 вылетов израильских ВВС, доставлявших оружие британским наемникам. Таким образом, в 1960-е годы британцы, не обнаруживая себя, сплотили саудитов и сионистов против общего врага в Северном Йемене.

Однако нужно вернуться в 1920-е годы, чтобы подробно рассмотреть корни этого неофициального и негласного альянса. После разгрома Османской империи в Первой мировой войне на Аравийском полуострове возникли три отдельных государственных образования: Хиджаз на западе под властью Хуссейна бин Али Шерифа (прим. «хранителя») Мекки, Хаиль на севере под властью Ибн Рашида и Неджд на востоке под властью эмира Ибн Сауда (прим. Абдул-Азиз Аль Сауд) с идеологией ваххабитского течения.

Ибн Сауд вступил в войну в январе 1915 г. на стороне Британии, но был вскоре разбит, а его британский патрон Уильям Шекспир (прим. Уильям Генри Ирвайн Шекспир, британский колониальный чиновник, исследователь Аравийского полуострова) был убит союзником Османской империи Ибн Рашидом. Потерпевший поражение Ибн Сауд оказался не нужен Британии, и на целый год он остался без военной поддержки. Шериф Хуссейн же способствовал поражению Османской империи, выступив против нее и возглавив так называемое «Арабское восстание» в июне 1916 г., после которого турецкое присутствие в Аравии осталось в прошлом. Выступить против Османской империи его убедил британский верховный комиссар в Египте Генри МакМагон, обещавший, что после поражения турок будет создано единое арабское государство от Газы до Персидского залива. Письма, которыми обменивались Шериф Хуссейн и МакМагон сегодня известны как «Переписка МакМагона и Хуссейна».

Естественно, что как только война закончилась, Шериф Хуссейн потребовал от Британии выполнить свои обещания (или то, что, по его мнению, было обещанием), данные ему в вышеупомянутой переписке. Британия, в свою очередь, потребовала от Шерифа признать новую действительность – раздел Аравии между Британией и Францией (по соглашению Сайкса-Пико) и вступление в силу Декларации Бальфура, которая гарантировала «национальное еврейское государство в Палестине» путем заселения европейскими евреями. Эта новая действительность была изложена в написанном британцами англо-хиджазском договоре, от подписания которого Шериф с негодованием отказался. В конце концов, восстание 1916 года против турок было «Арабским», а не только «Хиджазским». Шериф дал понять, что он никогда не сдаст Палестину по Декларации Бальфура и никогда не признает создание сионистского государства в Палестине или раздел Аравии британцами и французами. После этого в устах британцев он превратился в «обструкциониста», «досадную помеху» и «упрямца».

Британцы, в свою очередь, дали понять Шерифу Хуссейну, что готовы пойти на жесткие меры, чтобы добиться от него признания новой действительности, несмотря на все услуги, которые он оказал им во время войны. После Каирской конференции в марте 1921 г., где новый Министр по делам колоний Уинстон Черчилль встретился со всеми британскими агентами на Ближнем и Среднем Востоке, Томас Эдвард Лоуренс (тот самый Лоуренс Аравийский) был направлен к Шерифу, чтобы подкупом или угрозой заставить его признать сионистский проект в Палестине. Сначала Лоуренс от имени Британской империи предложил 80000 рупий. Шериф Хуссейн немедленно отверг это. Тогда Лоуренс поднял ставку – 100000 фунтов ежегодно. Но Шериф отказался идти на компромисс и сдать Палестину британскому сионизму. Когда подкуп не удался, Лоуренс пригрозил экспансией Ибн Сауда, заявив, что «политически и в военном отношении вопрос существования Хиджаза как независимого королевства Хашимитской династии полностью зависит от политической воли Британии поддерживать или нет правление этой династии в регионе». Во время переговоров с Шерифом Хуссейном Лоуренс посетил и других правителей на Аравийском полуострове и довел до их сведения, что если они вздумают оспаривать планы Британии или вступят в союз с Шерифом, Британия спустит с цепи Ибн Сауда и его ваххабитов, которые готовы повиноваться Британии по первому зову.

Одновременно с этим Черчилль после конференции едет в Иерусалим и встречается с сыном Шерифа Абдаллой, который был назначен эмиром нового территориального образования, названного «Трансиордания». Черчилль дал понять Абдалле, что тому следует «убедить отца согласиться с Палестинским мандатом и подписать соглашение», в противном случае «Британия пошлет Ибн Сауда на Хиджаз». В это же самое время британцы планируют натравить Ибн Сауда на правителя Хаиля Ибн Рашида.

Ибн Рашид отверг все предложения Британской Империи, сделанные через Ибн Сауда, и отказался стать очередной марионеткой. К тому же, он расширил свои границы на север к новым границам подмандатной Палестины и Ирака летом 1920 г. Британцы заволновались, что между Ибн Рашидом, который контролировал север, и Шерифом Хуссейном, контролирующим запад полуострова, возникнет союз. Кроме того, они желали, чтобы пути сообщения между портами Палестины на Средиземном море и Персидским заливом были в руках дружественного правителя. На Каирской конференции Черчилль согласился с сэром Перси Коксом в том, что «следует дать Ибн Сауду возможность захватить Хаиль». До конца 1920 года Британия щедро снабжала Ибн Сауда деньгами – 10000 фунтов золотом ежемесячно сверх и так выплачиваемого ежемесячного финансирования, плюс крупные поставки оружия – более 10000 винтовок в дополнение к осадным и полевым орудиям с британско-индийскими инструкторами. В сентябре 1921 г. британцы дали отмашку Ибн Сауду наступать на Хаиль, который официально сдался в ноябре 1921 г. После победы Британия пожаловала Ибн Сауду новый титул – вместо «Эмира Неджда и вождя его племен» он стал именоваться «Султаном Неджда и подвластных территорий». Хаиль же растворился среди «подвластных территорий» империи султана Неджда.

*(Продолжение следует)*

***Источник:http: //mondoweiss.net***
***Перевод: Диана Колычева***

# ДЕЛАН ЭЛЧАНО ШЕН АСХЬАБАШ ЭФИОПЕ БАХИЙТАР

***(Аллах1ера къинхетам, маршо хуьлда цунна)***

Церан ийман, Делах тешар,
Дено-дено совдолура.
И мел чlогlа хиларх таlзар,
Шайн динах уьш ца бухура.

Дог лазарна бусалбашна,
Мухьаммада ойла йира. (l.с.в.)
Тlаккха цо шен асхьабашна,
Тlедилларца хьехам бира.

«Латта ма-дду дlасадаржа,
Дала цхьаьнатухур ду шу.
Бусалба некъ шайна харжа,
Къемат дийнахь юьхь-кlай хир шу».

Бусалбашна латтош долу,
Луьра таlзар чlагlделлера.
Хьаьнг-хьаьнгга а лалун йоцу,
Харцо Маккахь яхъеллера.

Тlаккха цара ма хьаттира,
Муьлха агlор гlуо шаьш,- аьлла.
Мухьаммада омра дира,
Хьабашате дlагlо аьлла.

Цигахь чlогlа нийсо лелош,
Наджаш бохуш цхьа паччахь ву.
Бусалбанийн дегнаш делош,
И мохк чlогlа беркате бу.

«Алхьамду лиллахlи»,- бохуш,
Аш цу Далла хастам бийр бу.
Ас шун аьтто хилар доьхуш,
Аллахl Деле шу доьхур ду».

«Алхьамду лиллахlи»,- бохуш,
Цара Далла хастам бора.
Церан аьтто хилар лоьхуш,
Мухьаммада гlайгlа йора. (l.с.в.)

Цу историн бух теллича,
Хилларг ду и хlора цlарах.
Милад терхьашца лерича,
Ялх бlе пхийтталгlачу шарахь…

lаьржа буьйса шаьш хаьржина,
Буссехь новкъа уьш бевлира.
Тlаккха Маккахь и даьржира.
Оьгlаз бахна уьш гlевттира.

Ткъа шайн лорах тlаьхьабогlуш,
Къурайшин нах хилар хууш
Болчу цара, чlогlа ларлуш,
Гена некъби, са ца доlуш.

Дала некъан аьтто бина,
Уьш Хьабашате дlакхечира.
Цигахь кхарах хьеший бина,
Чlогlа дика тlеийцира.

Кхачам боллуш, маьрша бара,
Шайн дин лело йиш а яра.
Маккахь санна, мостагlалла
Цаьрца лелош цхьа вацара.

Амма Даймохк дагахь болуш,
Цхьаболчеран сагатлора.
Цlахь бисинарш дагахь бохкуш,
Махках хаьдда ца lалора.

Цхьа хан яьлча, шайн Даймахка,
Юхаберза сацам хилла,
Уьш кхечира юха Макка,
Бинчу махкахь рицкъа хилла.

Амма дахар кхин а къиза,
Чолхе даьлла дlахlоьттира.
Бусалба нах хьийзош цигахь,
Харцо лелош царна гира.

lазап чlагlдеш дено-дено,
Цадитарна маьрша даха,
Юхаъ шолгlа Эфиопе
Хlижрат дира оцу наха.

И дlахезна ца тешаш берш,
Асхьабашна тlаьхьа бевли.
Вогlург, воьдург тергал а веш,
Маккичуьра некъаш къевли.

lазап лайна бусалбанаш,
Маьрша баха ца лаарна.
Цара лоьху дlабаханарш,
Сийлахь-лоруш нах хиларна.

***Пашаев Нурди***

# МАСТЕР-КЛАСС И ФИЧЕРЗ



Город Грозный. На улице моросня и капает мелкий дождь. Это был обычный рабочий день. Среда. В коридоре седьмого этажа Дома Печати собирались люди. Одни с камерами, другие с блокнотами... Они ожидали что вот-вот начнется мастер-класс Лемы Турпалова.

Среди собравшихся были журналисты основных СМИ ЧР. Такое собрание проходит не каждый день. Лема уже стоит в кабинете и оглядывает приходящих. Рядом с ним, как и принято на всех мастер-классах и тренингах, лежит ватман, фломастеры и карандаши. Ветеран журналистики разговаривает с исполнительным директором редакции газеты «Зори Ислама» Масхудом Заурбековым. Люди постепенно заходят и садятся. Уже 15:00. Пора начинать.

На днях все журналисты были проинформированы о мастер-классе через мессенджер whats app, который стал уже частью работы журналистов.

Каждый слушатель мастер-класса с интересом всматривался в уже бывалого журналиста, пытаясь угадать, о чем же будет речь. Любопытство «щекочет» каждого. Когда уже все собрались, Лема ясно дал понять, что ничего нового и сверхсовременного он не скажет. Он стоял напротив аудитории. В его руках безостановочно складывались и раскрывались складные очки для зрения, которые он держал в руках, то ли занимая руки, то ли ждал, пока закончит говорить, чтобы надеть их. Аудитория застыла в тишине, которую нарушал только мягкий баритон учителя.

Что же заставило всех застыть в таком волнении? О чем же рассказывал им журналист, связавший всю свою жизнь с этой интересной профессией?

А речь шла о синтетическом жанре журналистики, в стиле котором, кстати, и пишется эта статья, так называемом «фичерз». Как сказал лектор, фичерз – жанр синтетический, сочетающий в себе и репортаж, и аналитику, и описание, и рассуждение и так далее. Более важные детали указываются в начале. Менее важные подробности нужно указывать в конце. Таким образом, при сокращении надо начинать с конца. Фичерз затрагивает социальную проблематику, т.е. то, с чем сталкивается обычный человек. Обычный человек и обычные проблемы, только преподнесенные читателю искусно – вот в чем основа «фичерза». Знание о новом жанре оживило слушателей. Лема стал чертить принцип написания «фичерза». Он нарисовал зигзагообразную систему чередующихся букв «А» и «К»: А – аналитика, К –картина. Использование этой системы было представлено в зачитанном фичерзе, составленном студентами. Статья про проблему двух населенных пунктов, в которой, казалось бы, рассматриваются банальные проблемы, была очень необычной и завораживающей. Теперь, окончательно убедившиеся в своем понимании фичерза, журналисты начали задавать вопросы. По ходу лекции слушателей прибавилось еще больше. Одни стояли у двери, так как мест в аудитории не хватало. В паузах между вопросами вспоминали и о былых годах. Эти воспоминания, превращаясь в беседу, как-то незаметно вывели дружную компанию журналистов и лектора в коридор. Слушатели поблагодарили Лему за полезные знания. Каждый разошелся по своим делам...

На улице моросня и капает мелкий дождь.

*Сурхо Сугаипов*



Наркомания – это грех, потому что, употребляя наркотики, человек посягает на самое дорогое, что даровал Всевышний Аллах – жизнь. Негативное влияние оказывают на здоровье человека наркотики, только как только он начинает их принимать. В дальнейшем употреблении их каждая клеточка его организма пропитывается, и он не может жить без наркотиков. С каждым разом, увеличивая дозу, наступает момент, когда его сердце не выдерживает. Нет у него ни перспективы, ни семьи, ни родственников, ни друзей, ни цели, есть одно желание получить очередную дозу. Жизнь заканчивается передозировкой, после смерти его ожидает самое страшное наказание Всемогущего Создателя. К великому сожалению, эта страшная беда встречается у нас в республике. Многовековые традиции и обычаи народа подвергаются тяжелому испытанию. Разрушительное и деморализующее острие нацелено в первую очередь на молодёжь. И именно ей решать судьбу в жесточайшей схватке с этим злом. Наркомания окутывает свою жертву незаметным спрутом, чтобы отнять у матери – сына, у отца – наследника, а у народа – его будущее. Победить это зло – означает, в первую очередь, понять пагубность приема любого одурманивающего вещества, в любой дозе и что с каждым приёмом наркотика человек расстается со смыслом жизни, и не только своей, но и своих близких и родных. Найти в себе мужество сказать твердое «Нет» употреблению одурманивающего вещества – в этом заключена главная сила того, кто считает себя мужчиной. Наркомания, как и многие пороки современного человечества, болезнь не столько физическая, сколько духовная, поэтому без духовных знаний справиться с подобной проблемой невозможно. Большую роль в этом играет круг общения и окружения человека. Когда человек искренно верит в своего Создателя, надеется на Него, то Аллах не оставит такого человека. Лекарство, врачи – это средства, через которые Аллах фактически излечивает людей. Но душевный вакуум должна заполнить именно вера во Всевышнего Аллаха.

# ЗАСЛОН НАРКОМАНИИ – ТРЕБОВАНИЕ ИСЛАМА

*Рамзан Мустаев*










САФОЛ™
Ваше здоровье и долголетие!

«Я считаю, что в современной жизни человека очень важно сбалансирование питания. Поэтому, я провожу клинические испытания продуктов компании «Инфинити». Используя эти оздоровительные комплексы «Тибет» вы получите наилучшие результаты для вашего здоровья». Евгений Владимирович Владимирский – действующий член РАЕН, профессор института восстаеновительной медицины.

Показания к применению «Сафола» (в том числе при комплексном лечении):

- Онкологические заболевания
- Иммунодефицитные состояния
- Общее истощение организма, синдром хронической усталости
- Сердечно-сосудистые заболевания (гипертония, прединфарктные состояния)
- Анемия
- Комплексное лечение и профилактика острых вирусных инфекций
- Заболевания щитовидной железы




тел. 8-963-702-55-90
Гасуханова Хасна
ООО «НПК ИНФИНИТИ»
www.infinity-mlm.ru

Федеральное государственное унитарное предприятие «ПОЧТА РОССИИ» Ф. СП-1
Бланк заказа периодических изданий

АБОНЕМЕНТ на газету / журнал (индекс издания)
(наименование издания) количество комплектов
На 20__ год по месяцам: 1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12
Куда (почтовый индекс) (адрес)
Кому
линия отреза
ДОСТАВОЧНАЯ КАРТОЧКА ПВ место литер (индекс издания)
На газету / журнал (наименование издания)
Стоимость: подписки руб. коп.; каталожная руб. коп.; переадресовки руб. коп. Кол-во комплектов
На 20__ год по месяцам: 1 2 3 4 5 6 7 8 9 10 11 12
(почтовый индекс) город, село, область, район, (код улицы) улица, дом, корпус, квартира (фамилия, И. О.)

Каждому организовавшему подписку на «Зори Ислама» 50 экземпляров – денежная премия 5 тысяч рублей, 100 экземпляров – телефон Note.

**Тел.: *8 928 088 85 50***

Подробности на нашем сайте




## Хьоме, доттагIий!

### ДIахьош ду «Исламан зIаьнаршка» яздалар!

**Тхье пхиъ шо ду «Исламан зIаьнарш» цIе йолу бусалба динан газет вайца долу. Газето вайна довзуьйту динан баххаш, парзаш, суннаташ, вайн эвлаяийн дахар, дуьйцу вайн хаза гIиллакхаш, ламасташ...**

**Иштта, газетан агIонаш тIехь довза йиш ю вайн махкахь дехачу сийлахьчу, дикачу адамийн хаза гIиллакхаш а, церан дика масалш а...**

**Вайх хIораннан а таро ю «Исламан зIаьнаршца» гергарло таса, цунах дагадовла, цуьнга дагара дийца...**

**Язде «Исламан зIаьнаршка», язло «Исламан зIаьнаршка»!**

**Газете язваларан мах – эхашарна кхо бIе кхузткъа сом (360 сом), шарна – ворхI бIе ткъа сом, (720 сом)...**

## Объявление

Редакция газеты **«Исламан зIаьнарш»** (Зори Ислама) принимает рукописные и в электронном виде материалы для перевода с чеченского языка на русский и с русского на чеченский, а также печатание с редактированием и корректуры, без редактирования и корректуры. Цены и условия оплаты по договоренности.

Обращаться по адресу: **г. Грозный, ул. Маяковского, 92. Редакция газеты «Исламан з1аьнарш»** (Зори Ислама). Телефон для справок: **8-928-088-85-50**

**Параме газетдешархой, дIахьош ду «Исламан зIаьнарш» газете язвалар. Газетан индекс: 54 928**

Исламан зIаьнарш «Зори Ислама»
Газетан бух биллинарг Заурбеков МасIуд
Коьрта редактор Заурбеков М.М.

Газет диллинарг/арахьоьцург: НР-н къоман политикин,арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерство
Министерствон адрес: 364014, Соьлжа-ГIала, Маяковскийн урам, 92
Редакцин адрес: 364014, Соьлжа-ГIала, Маяковскийн урам, 92
Телефон: 8-871I-222-45-34
Тхан интернет-почта: zori_islama@mail.ru
Редакцин сайт: www. zori-islama.com
Газетан индекс: 54 928

Газетан верас Кадыров Хож-Ахьмад-хьаьжа
Газетна регистраци йина шуьйрачу коммуникацийн, культурни тIаьхье Iалашъяран декъехь законаш лардар тIехь терам латторан НР йолчу Федеральни службо 2015-чу шеран 1-чу декабрехь
Регистрацин хьокъехь долу тоьшалла ПИ № ТУ 20-00110

Редакцин кхеташо:
М. Заурбеков – коьрта редактор
С.Межиев – НР-н муфти,
Х-А. Кадыров – Къилбаседа Кавказан Iелимнехан кхеташонан куьйгалхо,
М. Д. Заурбеков, С. Муртазаев, П. Петирова, Л. Арсалиева
Ответственная за выпуск – П.Р.Петирова
Арадолу нохчийн, оьрсийн меттанашкахь бат-тахь шозза, еариденошкахь

Тираж - 3000. Зорбанна куьг яздан деза хан 06.04.2016 шо. 15:00. Зорбанна куьг яздина хан 06.04.2016 шо. 16:00
Заказ №
Зорбатоьхна ГУП ИПК «Грозненский рабочий» типографехь. Типографин адрес: 364021, Соьлжа-ГIала, Интернационални урам, 12/35
БИННА МАХ